Programme d'Autoproduction d'Aliments Frais en Haïti

Yon ti Jaden Òganik nan Lakou a

Koperasyon Ajantin ak Ayiti
Fon Ajanten pou Koperasyon Orizontal
Anbasad Ajantin an Ayiti

Pwomosyon ti jaden pou lakay

Ministè Devlòpman Sosyal
Enstiti Nasyonal Teknoloji Agrikòl

Enstiti Entèameriken
pou Koperasyon Nan Agrikilti

Ministè Agrikilti, Resous Natirèl
ak Developman Riral



Se yon gran plezi pou peyi Lajantin ofri pèp ayisyen an manyèl sa a ki ap bali bonjan konesans pou ede li fè ti jaden òganik nan lakou lakay li pou asire bonjan kalite manje pou fanmi an ka viv an sante san li pa depanse twòp kòb.

Ansanm ak Enstiti Entèameriken pou Koperasyon nan zafè Agrikilti (IICA) Peyi Lajantin tabli Pwogram sa nan peyi Dayiti pou ou menm, fanmi ou ak kominote ou kapab manje pi byen menm jan ak 3 milyon sitwayen ajanten ap fè li depi plis pase 14 lane.

Anvan ou pran zouti w pou kómanse ti jaden sila a nou vle remèsye w pou bèl patisipasyon ou nan pwogram sa a ki pèmèt pèp ajanten an antre lakay ou pou kolabore ak fanmi ou ak peyi Dayiti.

Fon Ajanten pou Koperasyon Horizontal
Ministè Zafè Etranjè, Komès Entènasyonal ak Kil
Repiblik Ajantin

Sa n ap twouve nan dokiman an

Tit	Paj
Ki sa ti jaden òganik nan lakou a ye?	5
Ki sa nou kapab pwodwi nan ti jaden òganik sa a?	6
Pou ki sa nou fè ti jaden òganik nan lakou a?	7
Ki manje kò nou bezwen pou li byen fonksyone?	8
Ki sa nou Bezwen pou nou fè ti jaden òganik nan lakou a epi ki kote pou nou fè li?	9
Kòman pou nou fè ti jaden òganik nan lakou a?	10
Pou ki sa nou fè platbann?	11
Ki kalite platbann nou kapab konstwi epí ki kote?	11
Kòman pou nou konstwi platbann yo?	12
Ki fason nou kapab plante?	13
Ki kilti nou kapab plante direkteman?	14
Ki kilti nou kapab plante nan pepinyè?	14
Sou platbann yo ki fason n ap plante?	15
Kòman nou kapab fè yon pepinyè?	16
Ki avantaj pepinyè a genyen?	17
Ki pwofondè nou dwe plante semans yo?	17
Ki teknik n ap itilize nan ti jaden an pou tè a kapab toujou rete rich?	18

Tit	Paj
Ki sa fimye a ye?	20
Ki sa nou kapab itilize pou nou fè fimye a?	20
Ki sa nou pa kapab itilize pou nou fè fimye a?	21
Kòman pou nou fè fimye a?	22
Ki enpòtans fimye a genyen pou plant yo?	24
Ki sa asosiyasyon an ye?	25
Pou ki sa nou fè asosyasyon kilti yo?	25
Ki sa wotasyon an ye?	26
Pou ki sa nou fè wotasyon an?	26
Ki swen nou genyen pou nou bay ti jaden òganik nan lakou a?	27
Ki jan nou kapab wouze ti jaden òganik nan lakou a?	28
Ki fason nou kapab rezève dlo nan zòn ki pa gen anpil lapli?	29
Ki sa kouvèti a ye?	30
Pou ki sa nou fè kouvèti a?	30
Di kèk teknik natirèl pou konbat ensèk ak maladi?	31
Kòman n ap pwodwi semans pou lòt ane yo?	32
Yon ti mo pou nou fini	33

Kisa ti jaden òganik nan lakou a ye?

"Se yon
fason natirèl,
ki pa chè nou
kapab pwodwi
divès bon kalite
manje pou tout fanmi
an pandan tout ane
a nan yon ti pòsyon tè pre kay la".

Ki sa nou kapab pwodwi nan ti jaden òganik sa a?



"Divès kalite plant, tankou legim, viv, sereyal, remèd fèy ak fwi".

Pou ki sa nou fè ti jaden òganik nan lakou a?

- Tout moun nan fanmi an travay ladan.
- Pou nou kapab genyen divès bon kalite manje tout ane a rete an bòn sante.
- Li pèmet fanmi an fè ekonomi.

Ki manje kò nou bezwen pou li byen fonksyone?

• Pwoteyin, se eleman pou fòme kò a tankou vyann, lèt, ze.

• Eleman enèjetik, pou ba kò a fòs tankou lwil, sik, pen farin mayi, diri elatriye.

Pen

• Vitamin k mineral, pou pwoteje kò a. Tan kou fwi yo ak legim yo.

« Legim yo ak fwi yo kapab pote pou kò a anpil vitamin ak mineral men tou yo kapab pote ti kantite pwoteyin (Pwa) ak ti kantite enèji (bètrav) »

Kawòt



Piman

Radi

Leti

Bètrav pote enèjí pou kò a

Pwa pote pwoteyin pou kò a

Kawòt, piman, radi letiak, bétrav, pote anpil vitamin ak mineral pou kò a.

Ki sa nou Bezwen pou nou fè ti jaden òganik nan lakou a epi ki kote pou nou fè li?

Yon tí pòsyon tè pre kay la

Yon tí tan pou pran swen tí jaden an

Tlo

Zoutí

- Yon tí pòsyon tè pre kay la.
- Semans.
- Dlo.
- Zoutí.
- Yon tí tan ak anpil lanmou pou tí jaden an.

Semans

Kòman pou nou fè ti jaden òganik nan lakou a?

- Seleksyon yon tí pòsyon tè pre kay la.
- Ansèkle tí pòsyon tè sa pou pwoteje li.
- Konstwí platbann.



Pou ki sa nou fè platbann?



- Ti jaden byen òganize.
- Ti pòsyon tè a pi byen itilize.
- Pou nou kapab travay pi alèz.

Ki kalite platbann nou kapab konstwi epí ki kote?

Zòn ki genyen anpil lapli

Zòn sék ki pa genyen anpil lapli

- Nan zòn ki genyen lapli souvan, nou kapab fè platbann *yo* anwo nivo sòl la.
- Nan zòn sèk kote pa genyen anpil lapli, nou kapab fè platbann *yo* anba nivo sol la.

Kòman pou nou konstwi platbann yo?



- Platbann nan genyen fòm yon tí matla sou tè a.
- Nou dwe make espas platbann yo ap okipe nan pòsyon tè a (1 mèt lajè e longè a kapab varye).

- Nou dwe prepare tè a (avèk pikwa, wou, rato).

Ki fason nou kapab plante?

- Nou kapab plante dirèkteman nan platbann yo. Nan ka kote n ap itilize semans ki gwo grenn, tankou mayi, pwa, joumou elatriye.



Platbann

pepinyè

- Nou kapab fè pepinyè avan nou transplante ti plant yo. Nan ka kote n ap itilize semans ki piti tankou: zonyon, tomat, berejèn, piman elatriye.

Ki kilti nou kapap plante dirèkteman?

- Gwo pwa.
- Letí.
- Mayí.
- Melon.
- Pèsí.
- Bètrav.
- Radí.
- Kawòt.
- Joumou.
- Pwa frans.
- Zepína fransè.
- Pwa d'souche.

Ki kilti nou kapap plante nan pepinyè?

- Zonyon.
- Chou.
- Tomat.
- Píman.
- Berejèn.
- Pwawo.
- Bazílik.

Sou platbann yo ki fason n ap plante?



- N ap toujou plante an liy. Ni lè n ap plante direkteman. Ni lè n ap transplante.

Kòman nou kapab fè yon pepinyè?

- Nou kapab fè li nan yon platbann.



- Nou kapab fè li nan yon bwat (aransò, fèblan, katon elatriye).

- Nou kapab fè li nan yon vye kivèt, nan yon vye kawoutchou machin koupe an de.



Ki avantaj pepinyè a genyen?

- Li pèmet nou ekonomize semans.



- Li pèmet nou chwazi plantil ki pi bon yo.



- Li pèmet nou pran swen plantil yo pi byen.

Ki pwofondè nou dwe plante semans yo?

- Gwo semans yo dwe plante pi fon ke semans piti yo.

Ki teknik n ap itilize nan ti jaden an pou tè a kapab toujou rete rich?

- Itilizasyon matyè òganik (Fimye).

- Asosyasyon kilti yo.



- Wotasyon kilti yo.



"Si nou konsidere tè a tankou yon chòdyè manje, Fimye,
Asosyasyon ak Wotasyon se tankou twa wòch difé yo.
Si youn nan yo manke chòdyè a ap tonbe kidonk tè a ap pèdi richès li."

Ki sa fimye a ye?



- Se tout dechè vejetal ak zannimo yo ki dekonpoze.

Ki sa nou kapab itilize pou nou fè fimye a?

- Fèy bwa vèt oubyen chèch, Pay, Po manje, dechè ki soti nan kizin, kaka bèt, elatriye.

Ki sa nou pa kapab itilize pou nou fè fimye a?



- Plastik, vit, fè, wòch, kowoutchou, twal, boutèy ak tout sa ki pa kapab dekonpoze.

Kòman pou nou fè fimye a?

- Nou dwe prepare Fimye a konsa:
  1. Yon kouch dechè òganik (Fèy bwa vèt ak fèy chèch, pay, po manje, dechè ki soti nan kizin kaka bèt, elatriye).
  2. Nou kouvri li ak yon ti kouch tè, apre nou wouze li ak dlo.
  3. Nou remete yon lot kouch dechè òganik (Fèy bwa vèt ak fèy chèch, pay, po manje, dechè ki soti nan kizin kaka bèt, elatriye).
  4. Nou kouvri li ak yon ti kouch tè, apre nou wouze li ak dlo ankò.
  5. Nou kapab refè menm bagay sa plizyè fwa.

Fimye an nivo sol la nan zòn ki genyen anpil lapli



- Nou kapab prepare li anwo tè a. Nan zòn kote lapli tonbe souvan epi genyen anpil imidite.

Fimye anba nivo sol la nan zon ki sèk ki pa genyen lapli souvan



- Nou kapab prepare li anba tè nan yon twou. Nan zòn sèk ki pa genyen anpil imidite.

Ki enpòtans fimye a genyen pou plant yo?



- Li nouri mikwoòganis ki nan sol la.
- Li pèmèt sol la kapab fètil.
- Li pèmèt sol la kapab genyen bon jan kondisyon.

Ki sa asosyasyon an ye?



- Se lè nou plante 2 ou plis kilti nan yon menm espas.

Pou ki sa nou fè asosyasyon kilti yo?

- Paske nan yon ti pòsyon tè nou twouve divès kalite kilti.
- Paske nan asosyasyon kilti yo youn kapab pwoteje lòt kont move ensèk ak maladi nwizib.



- Paske yo kilti kapab pote kèk eleman esansyèl nan sol la ki kapab nouri lòt yo. Tankou lè nou asosye pwa ak lòt kilti, li pote azòt nan sol la pou lòt yo.

Ki sa Wotasyon an ye?



- Se lè nou plante yon kilti diferan de sa ki te la avan an.

Poukisa nou fè wotasyon an?

- Pou nou toujou kenbe tè a fètil.
- Pou prevansyon atak kèk ensèk ak maladi.
- Pou nou kite tè a repoze san nou pa sispann plante.

Ki swen nou genyen pou nou bay ti jaden òganik nan lakou a?

- Plante sou platbann



- Fè pepinyè



- Fè kouvèti

- Itilize fimye

- Wouze

- Fè asosyasyon



- Fè wotasyon

- Fè pyèj

- Fè pèstisid natirèl



Ki jan nou kapab wouze ti jaden òganik nan lakou a?



- Nou kapab itilize divès mwayen tankou:
  Awozwa, mamit, galon, sistèm gout a gout elatriye.

Ki fason nou kapab sezève dlo nan zòn ki pa gen anpil lapli?



- Nou kapab fè ti basen rezèvwa, avek siman ak tè pou nou kapab konsève dlo lè genyen lapli.
- Nou kapab sezève dlo nan you dwoum.

Ki sa kouvèti a ye?

- Kouvèti a se lè nou kouvri platbann an avèk pay sèch (Pay diri, fèy bannann sèch, pay kokoye elatriye).

Pou ki sa nou fè kouvèti a?

- Pou tè a kapab konsève imidite.
- Pou anpeche move zèb leve anpil.
- Li pwoteje semans yo kont fòs gout lapli lè nou fenk plante.

Di kèk teknik natirèl pou konbat ensèk ak maladi?

- Toujou fè asosyasyon ak wotasyon kilti yo, toujou itilize fimye.
- Nou kapab fè zatrap pou ensèk yo, konsa nou kapab pran yo ti boutèy plastic koupe tèt li, pentire li an jòn epi mete dlo savon ladan yo, epi nou pann li nan ti jaden an.
- Nou kapab antoure pye chou, leti yo ak sann bwa kont cheni.
- Nou kapab toujou kite kèk plant fleri nan ti jaden an paske flè yo ki genyen bèl koulè (jòn konsa) atire gèp ak myèl ki yo menm ap manje kèk ensèk nwizib.
- Nou kapab prepare kèk pèstisid natirèl tou, tankou:

1. Tabak ak savon

N ap melanje tabak 3 sigarèt nan 2 kola dlo ansam avèk demika ba savon lave blan. Kite li poze pandan 2 jou. Lè nou ap aplike li nou va melanje li nan 1 galon dlo e demi.



2. Alkòl ak lay

Nap kraze 4 dan lay nan 1 kola alkòl ak 1 kola dlo. Konsève li nan yon kote ki fre. Lè nou ap aplike li nou va melanje li nan 1 galon dlo e demi.

3. Zonyon ak lay

Pile 1 zonyon ak 4 dan lay, melanje li nan 2 kola dlo. Kite li fèmante pandan de semèn. Lè nou ap aplike li nou va melanje li nan 2 galon dlo e demi.

Kòman n ap pwodwi semans pou lòt ane yo?



- Nap seleksyone pi bel plant yo, n ap kite yo fleri pou yo donnen. Avan grenn yo tonbe n ap rache plant lan, n ap mete li seche nan soley pandan plizyè jou. Apre, ak men nou n ap triye semans yo epi n ap mete yo nan bokal separeman yon kote ki sèk.

- Men kèk plant ke nou kapab pwodwi semans yo fasil: pwa, piman, berejèn, tomat, joumou, melon, ti kòkonm, pèsi, zepina, leti, radi elatriye.

Yon ti mo pou nou fini

Apre nou fin fè ti refleksyon sa sou ti jaden òganik nan lakou a nou kapab konstate ke gras a ti jaden sa nou kapab rezoud gwo poblèm mal manje ki egziste nan zòn nou yo.

Ti jaden sa non selman li ka fèt nan la lakou kay yo men tou nan lakou lekòl yo.

Nou di ke ti jaden sa se:

“Yon fason natirèl, ki pa chè nou kapab pwodwi divès bon kalite manje pou tout fanmi an pandan tout ane a nan yon ti pòsyon tè pre kay la.”

Yon fason natirèl paske li òganik, li pa fèt ak okenn pwodwi chimik.

Ki pa chè paske li pa koute anpil kòb pou fè li. Nou dwe itilize bagay lokal, bagay nou kapab twouve nan kay la ke nou p ap itilize ankò tankou *«yon mamit pou nou wouze»*.

Nou pwodwi divès bon kalite manje paske nou asosye kilti yo nan ti pòsyon tè sa, kidonk nou kapab rekòlte anpil varyete manje.

Pandan tout ane a paske nou ap travay ladan tout ane a ak tout kè nou pandan n ap anplwaye tout bon teknik yo.

Pre kay la paske se yon ti pòsyon tè nan lakou kay la.

Pou nou fini n ap di ansam:

"FOK NOU FÈ TI JADEN ÒGANIK NAN LAKOU
A POU NOU KAPAB MANJE MIYÒ"

Manyèl sa a se enjenyè agwonòm José Francisco Zelaya, David Arias Paz ak Emmanuel Fénelon ki prepare li epi enjenyè agwonòm Daniel Diaz korije li.
Manyèl sa a ekri sou modèl manyèl fòmasyon Pwogram ProHuerta yo itilize nan peyi Lajantin.

Diseño gráfico: David Burin. Ilustraciones: Gustavo Damiani. INCLUIR Asociación Civil. Impresión: Artes Gráficas Papiros SAFI

Enstiti Entèameriken
pou Koperasyon Nan Agrikilti

Pwomosyon ti jaden pou lakay

Ministè Devlòpman Sosyal
Enstiti Nasyonal Teknoloji Agrikòl

Koperasyon Ajantin ak Ayiti
For Ajanten pou Koperasyon Orizontal
Anbasad Ajantin an Ayiti

Ministè Agrikilti, Resous Natirèl
ak Developman Riral